



## Diocese of Palm Beach

Office of  
THE BISHOP

9995 North Military Trail • P.O. Box 109650  
Palm Beach Gardens, Florida 33410-9650

(561) 775-9595 Fax (561) 775-7035

2 jiyè 2022

Chè sè ak frè nan Kris la:

Wikenn pwochen , 9/10 jiyè 2022, dyosèz nou an pral gen yon koleksyon pou Catholic Relief Services. Koleksyon sa ap bay pawasyen yo yon opòtinite pou yo ka vin proch epi renmen moun k ap viv nan sityasyon difisil ni isit la ni atravè mond lan. Lajan ki soti nan koleksyon an ap sipòte òganizasyon ki ede viktim lagè ak katastwòf natirèl, ede reyentegrasyon refijye ak imigran ki deplase pa vyolans ak povrete, epi adrese bezwen pastoral travayè migran yo, maren yo ak lòt moun ki manke estab nan kominote Pawasyal yo.

Koleksyon Catholic Relief Services sipòte sis ajans Katolik ki sèvi moun vilnerab ak majinalize pa bò isi ak aletranje, nou jwenn ladan, Konferans Evèk Ameriken yo sou Migrasyon ak Sèvis Refijye yo, Divèsite Kiltirèl nan Legliz la, Pwogram Jistis ak Lapè Entènasyonal, plis Jistis, Lapè ak Pwogram Devlopman Moun nan Edikasyon ak Sèvis sansibilizasyon, anplis Rezo Imigrasyon Legal Katolik ak Fon Sekou Pap la. Atravè jenerozite finansye ou, ansanm ak lapriyè ou, nou rantre nan yon sèl fanmi lafwa nan fè Levanjil Jezikri a propaje atravè mond lan pandan n ap sipòte diyite lòt moun.

Mèsi ankò pou tout sa w ap fè, nan lapriyè ak finansyèman, pou ede frè ak sè w yo ki nan bezwen atravè mond lan. Se pou Bondye beni w ak tout favè ak tout fòs, epi se pou Manman Lavyèj toujou entèsede pou ou.

Avèk rekonesans pou jenenozite w epi ak tout volonte lapriyè m,

Se mwen menm Sensèman nan Kris la,

Monsenyè Gerald M. Barbarito  
Evèk Palm Beach